



Office for People With Developmental Disabilities



(866)946-9733 | Sem g V g g h P 3 L k

www.opwdd.ny.gov



Office for People With Developmental Disabilities

44 Holland Avenue
Albany, NY 12229-0001





Biwo pou Moun Ki Gen Andikap Devlopmantral yo (OPWDD) bay sipò pou w viv lakay ou oswa nan yon kay nan kominote w la pou w ka endepandan nan mezi sa posib.

Viv nan Kay ak Fanmi oswa Viv Pou Kont Ou nan Pwòp Kay Ou :

Abilitasyon Kominotè (CH) is a service you can get at home and in the commune youon sèvis ou ka jwenn lakay ou ak nan kominote a ki mete anplwaye disponib pou ede w aprann epi kenbe konpetans ou bezwen pou w viv an sekirite ak plis endepandan, rankontre moun ak fè zanmi, patisipe nan aktivite kominotè yo ak fè pati kominote w la. Abilitasyon Kominotè ka swa otodirije oswa yon ajans ka dirije li.

Modifikasyon Anviwònman (e-mods) gen ladan chanjman fizik ki fè lakay ou, tankou ranp, asanswèl oswa balistrad, ki ka ede w viv san danje lakay ou epi soti nan kominote a.

Moun K Ap bay Swen Lakay: lfi w ap viv poukont ou epi pataje kay ou ak yon lòt moun k ap sipòte ou pou w ka viv poukont ou, ou ka kalifye pou sèvis Moun K Ap Bay Swen Lakay. Sèvis sa yo, ki kapab swa dwe otodirije oswa yon ajans ka dirije yo, kouvri frè ebèjman ak pansyon pou Moun K Ap Bay Swen Lakay ki:

- Pa dwe gen lyen fanmi ak ou (moun k ap resewva sèvis yo)
- Rete avèk ou lakay ou, oswa soti avèk ou epi asire li ou rete an sekirite epi byen.

Vwazen yo Peye: Si w ap otodirije sèvis ou yo, OPWDD ap ede w pou w viv poukont ou epi pou w chwazi yon vwazen yo peye pou l “sou apèl” pou ede w si w bezwen li detanzantan akoz yon pwoblèm oswa pou fè sèten travay.

Swen Fanmi: OPWDD ap sipòte w pou w viv lakay yon lòt fanmi yo rele yon kay Swen Fanmi. Se OPWDD ki sètifye oswa sipèvize Kay Swen Fanmi a epi l ap asire li ou gen èd ou bezwen pou w an sekirite ak aktif, epi pou w fè bagay fanmi yo fè, tankou manje ansanm ak pase tan ansanm.



Rezidans Altènatif Endividalize (IRA): Ou ka jwenn sipò tou pou w viv nan yon kay sètifye nan kominote a ki rele IRA ak yon ti kantite lòt moun ki gen andikap devlopmantral. Ajans ki dirije kay la pral asire li ou gen anplwaye la pou satisfè bezwen w yo ak bezwen lòt moun k ap viv nan kay la.

Pou w jwenn plis enfòmasyon sou pwogram sa yo rele Liy Enfòmasyon OPWDD a nan 1-866-946-9733 pou w ka konekte ak Biwo Rejyonal Andikap Devlopmantral lokal ou a.

Jesyon Depans pou Lojman

OPWDD ap sipòte moun yo pou yo viv poukont yo nan kominote a nan mezi sa posib nan ede ak depans pou lojman. Èd sa a vini nan fòm yon sibvansyon lojman pou kay ou oswa apatman w. Ou pral espere kontribye pou 30% nan revni ou nan depans pou lojman. Ou responsab pou peye yon pati nan pri ki pi plis pase sibvansyon lojman ou an.



Kèk opsyon se:

Kay/Apatman nan Pri Mache a: YOU kapab itilize sibvansyon lojman ou an pou nenpòt kay oswa apatman ki pou vann oswa pou lwe.

Apatman Sibvansyone: Ou ka jwenn sipò lojman limite pou itilize pou yon apatman Chwa Lojman sibvansyone (Seksyon 8)..

Lojman Piblik: YOU ka jwenn yon sibvansyon pou lojman pou w viv nan lojman piblik ki se yon lojman abòdab pou lokasyon pou fanmi ki gen revni fèb, granmoun aje ak moun ki gen tout kalite andikap.

Opsyon Rezidans Pwòpsonalize: Ou kapab itilize sibvansyon lojman ou an pou peye yon kay pou yon sèl fanmi ki pa sètifye, kote yon ajans ki pa fè pwofi posede epi lwe moun ki gen andikap devlopmantral kay la. Chak moun ki abite nan kay la gen kontra lwaye pa l. Lokatè yo travay ansanm pou chwazi règ yo nan kay la.



Office for People With Developmental Disabilities